

PRANATACARA 1

Nuwun, kepareng matur dhumateng para kasepuhan, pinisepuh, saha sesepuh ingkang minulya, para Bapak Ibu tamu ingkang satuhu kinormatan. Sumangga kula dherekaken muji syukur dhumateng ingkang akarya jagat Allah swt ingkang sampun paring sih kanugrahan.

Kaperanga kula sumela atur, badhe ngaturaken menggah ingkang dados rantamaning adicara upacara pengantin ing siyang punika.

Adicara kapurwakan kanthi pambuka.

Adicara kaping kalih atur pambagyaharja.

Inggih ingkang kaping tiga pasrali saha tampi calon penganten kakung.

Adicara kaping sekawan adicara ijab qobul.

Dene adicara kaping gangsal, pengaosan utawi wasitatama.

Kapungkasan kanthi panutup.

Makaten kalawau menggah adicara ingkang sampun karantam. Sumangga adicara kapurwakan kanthi kula dherekaken maos basmalah. Sumangga.

Adicara salajengipun inggih punika atur pambagyaharja. Rehning ingkang hamengku karsa boten kuwawi matur piyambak, pramila pambagyaharja dipunsalirani Bapak Gunadiharja. Dhumateng Bapak Gunadiharja sumangga, dene Bapak-Ibu Suharjana kasuwun kepareng hangampingi Bapak Gunadiharja. Sumangga.

-----pambagyaharja-----

Makaten kalawau atur pambagyaharja. Salajengipun adicara pasrah calon pinanganten kakung ingkang dipunsarirani Bapak Suranta Aji. Sumangga.

-----pasrah-----

Pangandikan pasrah tumuli badhe dipun tampi Bapak Suwarja minangka wakilipun Bapak-Ibu Suharjana. Dhumateng Bapak Suwarja, sumangga.

-----tampi-----

Minangka tandha hanetepi adat Bapak Ibu Handika calon besan badhe hangaturaken ubarampe srah-srahan. Dipun wiwiti pisang sanggan saha ubarampe salajengipun sumangga katampi dening Bapak-Ibu Suharjana.

Salajengipun calon pinanganten kakung kakanthi tumuju dhateng sasana ijab qobul.

Dhumateng Bapak Daru minangka seksi saking kulawarga calon pinanganten kakung sarta Bapak Warsana seksi saking kulawarga calon pinanganten putri kepareng lenggah.

Bapak Naib ugi kepareng lenggah, makaten ugi bapak wali nun inggih Bapak Suharjana. Tumuli calon pinanganten kalenggahan ing jajar kaliyan wali. Adicara ijab qobul salajengipun kula aturaken Bapak Pengulu. Sumangga.



YAY!

-----ijab qobul-----

Adicara ijab qobul sampun paripurna. Dhumateng Bapak seksi, Bapak Naib ngaturaken panuwun. Salajengipun sri penganten kalenggahaken ing sasana pinajang dipunembani ingkang bebesanan. Adicara sinigeg sawetawis. Dhumateng para kadang kaneman sumangga katur, hangaturaken pasugatan. Para tamu ingkang sampun tampi pasugatan keparenga ngunjuk saba dhahar kanthi mardikaning penggalih. Sumangga.

-----sigeg-----

Boten hangirangi pakurmatan saba kanikmatan para tamu ngunjuk saba dhahar nyamikan, keparenga kula nglajengaken adicara nun inggih wasitatama. Sri penganten pinaringan wasitama dening Bapak Haji Sudarmaji. Sumangga.

-----wasitatama-----

Makaten kalawau menggah wasitatama saking Bapak H. Sudarmaji, mugi handayani sri penganten saged gesang sakinah, mawwadah, warahmah. Amin. Salajengipun kulawarga badhe ngaturaken lelangen beksan Yudaasmara, sinambi para kadang kaneman ngaturaken pasugatan dhahar tasyakuran.

-----tari yudaasmara-----

Sampun paripurna sedaya adicara. Tumuli sri penganten miwah ingkang bebesanan jengkar tumuju wonten sangandhaping tarub saperlu nampi jawat asta pangestu saking paratamu ngiras pantes, kulawarga ngaturaken agunging panuwun dhumateng para tamu.

Bokmenawi anggen kula ngaturaken adicara wonten kalepatan, nyuwun agunging pangaksama. Sugeng kondur, rahayu kang samya pinanggih. Nuwun

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancaspun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?



PRANATACARA 2

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Merdhéka, Merdhéka, Merdhéka!

Kawilujengan saha karahayon mugé tansah kajiwa kasarira déning kula lan panjenengan sadaya sinartan berkah saha rahmatipun Gusti Allah ingkang Murbèng Bawana. Agunging puji pangalembana namung konjuk wonten Ngarsa Dalem Gusti Allah SWT ingkang amurba amisesa sadaya titah ingkang sampun cinipta ing jagad pramudita, inggih awit sih wilasanipun kula lan panjenengan sadaya saged nglempak lenggah ing sasana punika saperlu nindakaken tirakat kanggé hamèngeti dinten kamardikan Nagari Republik Indonesia ingkang kaping 79.

Dhumateng panjenenganipun para pepundhèn sepuh ingkang kinurmatan. Ibu bapak saha para kadang wredha miwah tumaruna warga dusun Trimasan ingkang bagya lan mulya.

Langkung rumiyin mugé keparenga panjenengan sadaya kersa paring séwu agunging pangaksami dhateng dhiri pribadi kula, déné sampun kumawani matur wonten ngarsa panjenengan sadaya. Inggih awit keparengipun para kadang panitiya, kula kadhawuhan ndhèrèkaken lumaksitaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Nagari Republik Indonesia ingkang kaping 79 taun wonten ing titi kalenggahan punika. Para lenggah ingkang tansah gumbira ing manah, langkung rumiyin mugé keparenga kula maosaken menggah rantamaning adicara tirakatan ing dalu punika.

1. Pambuka
2. Atur palapuran saking pangesuhing panitia pèngetan kamardikan RI kaping 79 taun
3. Pamedhar sabda saking pangesuhing RT.03/RW.02 Dusun Trimasan
4. Donga kagem para Pahlawaning nagari
5. Gelaring seni saking warga
6. Panutup

Ibu, bapak saha para kadang ingkang hinaywan Gusti Ingkang murbèng dumadi, makaten menggah rantamaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Nagari Republik Indonesia ingkang kaping 79 taun ing dalu punika. Murih sadaya ingkang sampun rinantam punika saged lumampah kanthi widada nir ing sambékala, sumangga adicara punika pinurwakan kanthi kula panjenengan sami ndedonga manengku puja wonten ngarsanipun ingkang wenang Murba. Ndedonga kula dhèrèkaken. Sumangga.

Para kadang warga Dusun ingkang satuhu kinurmatan, sampun binuka korining adicara kanthi donga kula panjenengan sadaya, tumapak acara salajengipun inggih punika ... lan salajengipun.





Wiwit purwa madya ngantos dumugi nyaketi wasananipun adicara tirakatan ing dalu punika sampun lumampah kanthi widada kalis ing rubéda nir ing sambékala, kanthi punika sumangga panjenengan sadaya kula dhèrèkaken ngaturaken syukur dhateng Allah SWT kanthi maos tahmid sesarengan. Alhamdulillah rabbil 'alamin.

Inggang salajengipun saking kula pribadi inggang tinanggenah ndhèrèkaken lumaksitaning adicara tirakatan Pèngetan Kamardikan Negari Republik Indonesia inggang kaping 79 taun punika temtu kémawon kathah kekiranganipun, saé saking pangrakiting ukara punapa malih suba sita, jer kula namung titah sawantah inggang tebih saking kasampurnan turta cubluk ing pangertosan. Pramila mugi keparenga panjenengan sadaya kersaa paring samudraning pangaksama dhateng dhiri pribadi kula.

Pungkasaning atur kula Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Wangsulana pitakenan punika adhedhasar teks pranatacara kasebat kanthi trep!

1. Adhedhasar ancasipun, pranatacara kasebat kalebet pranatacara punapa?
2. Andharna pawadanmu, kenging menapa kalebet pranatacara kasebat?

